# ПОЭЗИЯЛЫҚ ШЫҒАРМАЛАРДЫҢ ФОНЕТИКА-СИНТАКСИСЛИК ПОЭТИКАСЫ

***Казимбетова Зийуар Махсетбаевна***
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети еркин излениўшиси Қарақалпакстан Республикасы, Нөкис қаласы*

***Аннотация:*** *Сеслер лексика-семантикалық бирлик болған сөздиң қурамында қолланғанда ғана функционаллық жақтан актуал сыпатқа ийе болады. Сестиң жайласыўы, орын алмасыўы сөздиң мәнисине тәсир көрсетеди. Көркем текстте сөзлер сеслик дүзилиси бойынша белгили бир топарларға биригип, өз-ара байланысқа кириседи. Айырым жағдайларда фонетикалық дүзилиске тийкарланған байланыслар грамматикалық байланыслардан да күшли болады. Көркем тексттиң фонетикалық, лексика-семантикалық, синтаксислик поэтикасы бир пүтин қуралса ғана ол көркемлиликке ийе болады.*

*Бул мақалада поэзиялық шығармалардың фонетика-синтаксислик поэтикасы мысаллар жәрдеминде дәлилленип берилген.*

***Таяныш сөзлери****: эстетикалық роль, фоностилистика, семантикалық стилистика, синтаксислик стилистика, аллитерация, анафора, эпифора, эпаналепсис, эпанстрофа, эмоционал-экспрессивлик қатнас.*

***Аннотация:*** *Товушлар лексик-семантик бирлик бўлган сўзнинг таркибида қулланилгандагина вазифавий жиҳатдан долзарб сифатга эга бўлади. Товушнинг жойлашиши, ўрин алмашиши, позициялик хусусияти сўзнинг маъносига тасир кўрсатади. Бадиий матнда сўзлар товуш тузилиши бўйича маълум бир гуруҳларга бирикиб, ўзара боғланади. Айрим ҳолларда фонетик тузилишига асосланган боғлиқликлар грамматик боғлиқликлардан ҳам кучли бўлади. Бадиий матннинг фонетик, лексик-семантик, синтактик бадиийлиги бир бутун бўлсагина у бадиийликка эга бўлади.*

*Ушбу мақолада бадиий матннинг фонетик-синтактик поэтикаси мисоллар ёрдамида далилланган.*

***Таянч сўзлар****: эстетик роль, фоностилистика, семантик стилистика, синтактик стилистика, аллитерация, анафора, эпифора, эпаналепсис, эпанстрофа, эмоционал-экспрессив муносабат.*

***Аннотация:*** *Звуки приобретают качество функционального значения только тогда, когда они используются в составе слова, которое является лексико-смысловой единицей. Место расположения звука, чередование и позиционные особенности влияют на значение слова. В художественном тексте слова объединяются в определенные группы по звуковой структуре и связаны между собой. В некоторых случаях связи, основанные на фонетической структуре, сильнее, чем грамматические связи. Художественный текст приобретает художественность только тогда, когда его фонетическая, лексико-семантическая, синтаксическая художественность составляют единое целое.*

***Ключевые слова:*** *эстетическая роль, фоностилистика, семантическая стилистика, синтаксическая стилистика, аллитерация, анафора, эпифора, епаналепсис, епанстрофа, эмоционально-экспрессивная установка.*

***Annotation:*** *Sounds acquire the quality of functional meaning only when they are used as part of a word, which is a lexical-semantic unit. The location of the sound, the alternation, and the positional features affect the meaning of the word. In a literary text, words are grouped into specific groups according to their sound structure and are related to each other. In some cases, connections based on phonetic structure are stronger than grammatical connections. A literary text acquires artistry only when its phonetic, lexical-semantic, and syntactic artistry form a single whole.*

***Key words:*** *aesthetic role, phonostylistics, semantic stylistics, syntactic stylistics, alliteration, anaphora, epiphora, epanalepsis, epanstroph, emotional-expressive attitude.*

Тилдиң материаллық тәрепин сеслер қурайды екен, тилдеги сөзлер, сөз дизбеклери ҳәм гәплер сеслер арқалы жаратылады. Сөйлеўдеги сеслик қураллар айырым жағдайларда стиллик хызметлерди де атқарады. Әдетте, көркем шығармаларда, әсиресе, лирикалық шығармаларда сеслер, сеслердеги пәт - сөйлеўдеги тәсиршеңликти асырыўшы қураллар есапланады.

«Сөйлеў сеслериндеги эмоционаллық, тәсиршеңлик, еситиўдеги жағымлылық, баянлаўдағы көтериңкилик, олардың көркемлилиги, эстетикалық роли – фонетикалық стилистиканың үйрениўши объекти есапланады.» [3: 88 ]

Рус тил билиминде Л.В.Щерба, Р.И.Аванесов, М.В.Панов, Л.Р.Зиндер ҳәм т.б алымлардың мийнетлеринде фоностилистикаға байланыслы бирқанша илимий пикирлер берилген. Қарақалпақ тил билиминде еле бул бойынша арнаўлы түрде изертлеў алып барылмаған.

Фоностилистикалық қураллар аўызеки сөйлеўде толығырақ көринеди, ал жазба тилде оның айырым белгилерин көрсек болады. Бирақ, сондай болса да, поэзиялық шығармаларда фонетикалық қураллардың стиллик хызмет атқарып, лингвопоэтикалық жақтан тексттиң тәсиршеңлигин арттырыўы өзине тән усыллар арқалы берилген.

Фонетика тараўы тилди системалы ҳәм структуралық бағдарда үйренеди. Поэтикалық тилдеги ең майда элемент –сес қосық қурылысындағы ырғақ, сеслик тәкирар, сеслик үнлесликти пайда етиў арқалы қосықтың қонымлылығын пайда етеди. Сеслерди арнаўлы түрде таңлап алыў ҳәм тәртиплестириў арқалы уйқасымлы қосық қәлиплеседи.

Көркем тексттиң қурылысындағы фонетикалық факторларға, басқаша айтқанда, текстти сеслик жақтан шөлкемлестирилиўин сестиң мәнилик ҳәм фонетика-семантикалық байланысларды сәўлелендириўиниң түрлерине-сеслик тәкирар, аллитерация, ассонанс ҳәм уйқас киреди. Сондай-ақ паронимия да сеслик дүзилиске байланыслы пайда болатуғын қубылыс есапланады. [3: 27 ]

Биргелкили даўыссыз сеслердиң қайталаныў қубылысы-аллитерация қубылысы болып, бунда сеслик тәкирарлар вертикаль ҳәм горизонталь түрде

болып, фонетика-семантикалық байланыслардың пайда болыўында әҳмийетли мәниге ийе болады. [4: 19]

Поэзиялық шығармаларда аллитерация жийи ушырасады. Олар төмендегише берилген:

1) Биргелкили бирдей сеслердиң қосық қатарларының дәслепки үш қатарында қайталаныўы гезлеседи. Мысалы:

**Т**ап соныңдай гезлери, **Т**ек өзинди таң қылып, **Т**ыңламастан өзгени,

Кетким келер қаңғырып!... [8: 203]

Бул қатарларда дәслепки үш қатар биргелкили «т» сесинен басланып уйқасқан.

**Б**асымызға келген талай кемлик те, **Б**излер енди шынға айналған әрманбыз, **Б**из әзелден үйренисип кеңликке,

Оның менен тамырласып қалғанбыз. [8: 29]

Бул қатарларда дәслепки үш қатар биргелкили «б» сесинен басланып уйқасқан.

**2)** Биргелкили бирдей сеслердиң қосық қатарларының дәслепки еки қатарында қайталаныўы гезлеседи. Мысалы:

**С**ентябрдиң соңы.

**С**алқын самаллар

Көңил тарларыңды елтип қашпайды. Онша ашылыспай думанлы таңлар, Мерўерт тамшыларын дизе баслайды. [8: 102]

Бул қатарларда дәслепки еки қатары биргелкили «с» сесинен басланып уйқасқан.

**3)** Биргелкили бирдей сеслердиң қосық қатарларының кейинги еки қатарында қайталаныўы гезлеседи. Мысалы:

Гүзги ойлар… О-ҳо, қаныңдай

Әлўан түрли сезимге толы. **С**әҳәрдеги сырлы сағымдай

**С**азырайып жатар қус жолы. [8: 67]

Бул қатарларда кейинги еки қатары биргелкили «с» сесинен басланып уйқасқан.

**4)** Биргелкили бирдей сеслердиң қосық қатарларының кейинги үш қатарында қайталаныўы гезлеседи. Мысалы:

Сол ўақлары кетсем далаға, **Ж**олым узарар,

**Ж**үрген сайын ғамсыз баладай, **Ж**үзим қызарар. [8: 54]

Бул қатарларда кейинги үш қатары биргелкили «ж» сесинен басланып уйқасқан.

Суўда өскен қамыстайын, **Б**ир жағылып, бир турып,

**Б**арар едим ағыстайын, **Б**атыс бетке умтылып. [8: 142]

Бул қатарларда кейинги үш қатары биргелкили «б» сесинен басланып уйқасқан.

**5)** Биргелкили бирдей сеслердиң қосық қатарларының барлық қатарында қайталаныўы гезлеседи. Мысалы:

**Б**әҳәр қайтып келер … **Б**изге мәлим бул,

**Б**ирак, жойтып алсаң жыллар табылмас….[8: 57]

Бул қатарларда барлық қатарлар биргелкили «б» сесинен басланып вертикал түрде уйқасқан.

6) Дәслепки еки қатары ҳәм кейинги еки қатардағы сеслердиң бирдейлиги ушырасады. Мысалы:

**А**расында ақ сәўлелердиң

**А**дасып кетип

**Ж**үргендейсең тарқатып шерди,

**Ж**ырлар дөретип. [8: 93]

Бул қатарларда дәслепки еки қатары «а» сесинен. кейинги еки қатары биргелкили «ж» сесинен басланып уйқасқан.

7) Бирдей даўыссыз сеслер қосық қатарларында жийи жумсалып ишки уйқаста, горизонталь түрде үнлесип келиўи ушырасады. [2: 69] Мысалы:

**Қ**ырық күн, **қ**ырық түн **ғ**арға-**қ**узғынлар,

**Қ**ара тумсық небир бузғынлар,

**Қ**ырық гез **қ**уйы үстинде ушып,

Мол жемтиктен ойынға түсип,

**Қ**ырық күн**, қ**ырық түн тойлады олар. [8: 78]

Бул қатарларда биргелкили жуўан даўыссыз сеслер «қ», «ғ» жийи жумсалып үнлесип келген.

**С**арыуўыздай **с**арғайған реңки, **С**ылдырында **с**аздың лапызы,

**С**оңғы **с**апар **с**ағынышлы көрки, **С**ызлатады жаныңды усы. [8: 12]

Бул қатарларда биргелкили «с» сесиниң жийи қолланылып, горизонталь үнлесиўи ушырасады.

Поэтикалық синтаксис синтаксислик категорияларды, формаларды, қубылысларды көркем ўазыйпаға бағындырып қолланыў ҳәм эстетикалық хызмет атқарыў аспектинен изертлейди. Көркем тексттиң синтаксиси мәселелери ажыралмас пүтинлик есапланатуғын тексттиң семантика-

структуралық дүзилисиниң шеңберинде ҳәм синтаксисте функционаллық бағдарынан қатнас жасаўының тийкарында үйренилиўи тийис. [1: 116]

Көркем тексттеги метрикалық бирлик-қосық қатары менен сәйкес келген синтаксислик бирликлер - гәплер тәкирардың ҳәр қыйлы түрлери арқалы байланысады. Бул тәкирар поэзиялық шығармаларда төмендегише усылларда көринеди:

1) Бирдей сөзлердиң ҳәр бир қатар басында қайталаныў қубылысы - **анафора** дөретпелерде көплеп гезлеседи. Мысалы:

**Хош бол**, қарлы шыңлар, туўылған таўлар,
**Хош бол**, кеңликлерим, жасыл жайлаўлар,
**Хош бол**, тоғайлардың тербелислери,
**Хош бол**, санмың қустың тасқын сеслери. [8: 640]

Шығармаларда бирдей гәптиң қайталаныў қубылысы да қосыққа тәсиршеңлик, өзгеше эмоционаллық бере алған.

2) Бирдей созлердиң қатар соңында қайталаныўы-**эпифора** қубылысы бирнеше көринисте келген.

а) бир сөздиң қатар соңында қайталаныўы:

Сондай қалай жүрермен **сенсиз**, Қалай өмир сүрермен **сенсиз**. [7: 35]

Тоғай – таллар… Түп тамырдан кестик **биз,** «Амиў-тасқын. Қурымайды»,-дестик **биз,** Пахта ушын барлығынан кештик **биз,**
Сыйлық, атақ алғанларың болмаса? [6: 13]

б) бирдей гәплердиң қатар соңында қайталаныўы:

Көңилдеги аҳым-**сени сүйемен**, Бар болса гүнаҳым?!...-**сени сүйемен,**
Саған жетпес дадым!-**сени сүйемен,**
Шерге көкирегим қанып турады [8: 142]

в) бирдей сөзлердиң екинши хәм төртинши қатарда қайталаныўы:

Жас ойшылдай биз ҳәм мектепке Ықласланып қатнаған **жерлер.**
Арамыздан жыллар өтпекте… Улын есте сақлаған **жерлер**. [8: 17]

с) Шуўмақларда биринши ҳәм үшинши қатарларында бирдей гәплердиң қайталаныўы:

**Кетпе мениң қасымнан**, Өтинемен алдында,
**Кетпе мениң қасымнан,** Қуўанышым қал бунда. [8: 142]

д) Шуўмақларда екинши ҳәм төртинши қатарларында бирдей бирликлердиң қайталаныўы:

Атар, қанша таңларым атар?!-

**Сенсиз.**
Әттең, сағыныш жаныма батар,
**Сенсиз.** [8: 154]
**Мине саған-**
Ийек артыў байлық, ҳамалға,
**Мине саған-**
Мурын толыў батпан самалға,
**Мине саған-**
Сырты жылтырақ, иши ялғанлық,
**Мине саған-**
Не сөйлерин билмей қалғанлық!... [8: 602]

е) Ҳәр бир шуўмақтың бирдей бирликлер менен жуўмақланыўы:

Көкиректе от болса, болса шырайың, Ышқыдан ығбалың күлсин илайым… Бунда не мәни бар, Недур гунайың?-

**Неге шын ашықлар сийрек табысар?...**
Қуштар болған менен сүйип қаншама, Татлы ҳазарына күйип қаншама,
Сап сезим катыктай уйып калса да,
**Неге шын ашықлар сийрек табысар?...** [8: 251]

г) Ҳәр бир шуўмақтың бирдей бирликлер менен басланыўы:

**Бәри, бәри түсер есиме**: Жыйнап-терип мың-мың таң шығын
Дизип бердим таң сәўлесине, Жылтылдаўын…гүмис тамшының!

**Бәри, бәри түсер есиме:** Не аядым дейсең өзиңнен?!
Жырларымнан тамылжып шире Саған деген меҳрим сезилген. [8: 235]

Булардан тысқары «Мен күткен күн», «Мен-бир метеорит әрман тийеген», «Айғабағарлар» атлы қосықлары да усы усылда жазылған.

ж) Шуўмақларда тәкирарланатуғын элементлердиң биреўи синтаксислик бирликтиң басында, екиншиси синтаксислик бирликтиң ақырында келип, оларды байланыстырыў қубылысы-**эпаналепсис** қубылысы да шайыр дөретпелеринде ушырасады. Мысалы:

**Бармасам болмайды**
**Барсам да болмас.**
Сезимтал арзыўлым,
Сениң қасыңа.
Көкирегимде хошлығым қалмас,
Сағыныштың алтын тасынан.

Өзим-өзгеники,
Бул ғой батады.
Тәғдирге налыма,
Сен-жаны алмаз,
О, ғамгүн көңлимниң
Әзийз ўатаны,
**Бармасам болмайды,**
**Барсам да болмас…** [8: 385]

з) Шуўмақларда тәкирарланыўшы элементлердиң биреўи биринши синткасислик бирликтиң ақырында, ал екиншиси екинши синтаксислик бирликтиң басында жумсалыўы-**эпанстрофа** қубылысы да поэзиялық дөретпелерде қолланылған. Мысалы:

Аман еткил ығбалым: **Мени оннан айырма,**
**Оны меннен айырма.** [5: 43]
Өмирде ҳәм қыс бар, жаз бар, Билмей өтер парқын базылар,
**Сағынады көлди ғазлар, Көллер неге сағынбас.** [5: 61]
**Өзи маған, мен оған унап**, Қуштар болсам дилбарға егер,
Бираз өтпей арадан, бирақ, Ол ҳәм жалықтырып жиберер. [5: 64]
Әллеқайда түн гезер, Әллеқайда күн гезер,
**Мени сенсиз өлсин деп, Сени менсиз өлсин деп.** [8: 646]

Жуўмақлап айтқанда, поэзиялық шығармалар тили қурамалы болып, онда эстетикалық пүтинликти тәмийнлеўши сеслердиң ҳәм сөзлердиң жәмлесиўин, шөлкемлескенлик пенен қолланылғанлығын көриўге болады. Олардың текстинде мәни ҳәм мазмунның қәлиплесиўи ушын фонетикалық ҳәм синтаксислик бирликлерден өнимли пайдаланған.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**

1. Абдиназимов Ш. Лингвопоэтика.-Нөкис, 2019.
2. Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы-Нөкис: Билим, 1997
3. Қиличев Э. Ўзбек тилининг практик стилистикаси. Т., Ўқитувчи, 1985.
4. Насыров Д, Бекбергенов А, Жәримбетов А. Русша-қарақалпақша лингвистикалық терминлер сөзлиги. –Нөкис, 1979.
5. Избасқанов Ж. Муҳаббаттың алмаз қырлары. _Нөкис, 1990
6. Избасқанов Ж. Мухаббат лирасы.-Нөкис, 1992.
7. Избасқанов Ж. Лирика дәптеринен. – Нөкис, 1982
8. Избасқанов Ж. Ақ қуслар. –Нөкис, 2014